No. 42 | 17 October 1930 | Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA
## SERAT KABAR KATHOLIEK
Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
1/2 „ . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

### ISINIPOEN:

Sadèrèk R. Simon Martosoedarmo sampoen enz.—Tjara ingkang anèh — Sampoen andadosaken kedjoting panggalih lo — Ringkesan babagan seserepan lan kagoenan — Dongèng saking Betawi II—Ontjèn sekar gambir melati—Oerap-sari—Correspondentie.

### † SADÈRÈK R. SIMON MARTOSOEDARMO SAMPOEN TINIMBALAN ING S. KRISTOES.

Tratap, plongo, getoen kaworan goemoen mireng kabar sédanipoen R. S. Martosoedarmo. Boten njana pisan-pisan, jèn pandjenenganipoen saèstoe sampoen boten wonten. O, inggih sinten kémawon ingkang botena kagèt mireng kabar makaten poenika.

Noewoen para maos. Pandjenengan sadaja kados sampoen sami tepang dateng sadèrèk poenika. Botenipoen makaten tamtoe sampoen naté mireng. Leres makaten R. S. Martosoedarmo samangké sampoen katimbalan ing Goesti, sowan wonten ngarsaning Hjang Maha Widi. Andadosaken ngeres ngoengoen koela, langkoeng-langkoeng kanggé para sadèrèk ingkang sampoen naté njamboet damel sesarengan kalijan pandjenenganipoen. Raosing manah sami koemelap soemedot mireng sédanipoen sadèrèk ingkang sanget dipoentresnani. Sakala boenek peteng roemaos kaitjalan obor. Pantjèn inggih makaten saèstoe para maos.

R. S. Martosoedarmo jektos satoenggiling prija nèm ingkang montjèr ing sadajanipoen. Pandjenenganipoen oegi tilas moerid ing Kweekschool Moentilan, ingkang ladjeng neroesaken pasinaonipoen dateng H.K.S. ing Poerworedjo. Bibar nilar pamoelangan poenika pandjenenganipoen ladjeng ada-ada wiwit njamboet damel ambikak sakolahan partikelir ing Soerabaja. Pamoelangan saged saé. Nanging santosaa kados poenapa èstoenipoen dèrèng koewawi nanggoelangi koerdaning djaman malaise sabibaripoen perang ageng roemijin. Pijambakipoen kapeksa nilar Soerabaja, nglèrèk dateng tanah Djawi tengah. Wonten ing Parakan ngedegaken sekolahan malih. Sanadjan dipoensantosani oegi (moeridipoen samangké sampoen wonten ingkang sakolah ing H.K.S.) wekdalipoen ingkang kirang saé. Wasana pandjenenganipoen ladjeng ambjoer ing kalanganing Missie, dados goeroe ing Canisius-Vereeniging, kaparingan papan ing Ngajogjakarta. Sanalika oegi ladjeng tjantjoet tandang ngatingalaken kasagedanipoen, isin jèn ta ngantos koetjiwa, poenapa malih kawon desoek kalijan sanès. Pantjèn njata mekaten penggalihipoen. R. S. Martosoedarmo pradah, gampilan, poeroen tampi sawarnining padamelan saé. Pramila sareng ing tanah Djawi-Wétan kapireng wonten pangoewoeh-oewoeh neda bantoe, R.S.M. ladjeng énggal-énggal kaoeloengaken. Sajektos sampoen kagalih klajan leres sanget déning para djedjempolaning kalangan goeroe ing Canisius-Vereeniging.

Sarawoehipoen ing tanah wétan R.S.M. kapasrahan andandosi sakolahan H.I.S. ingkang sampoen télé-télé alijas satengah pedjah; moerid katah ingkang absent: H.I.S. wiwit katjepeng tanggal kaping 6 Oct. 1924, sarta ladjeng gadah moerid 29. Poengkasaning taoen '24 laré samanten waoe sampoen dados 92. Poenapa boten nggoemoenaken? Wiwitaning taoen '25, woelan Maart ladjeng jasa grija sakolahan ing Semeroestraat. Saladjengipoen pamoelangan soeboer sanget, goeroenipoen oegi ladjeng tansah mindak, perloe ambantoe pandjenenganipoen, margi saking katah toewin awrating pandamelanipoen. Wiwitaning taoen '26 sampoen dados 5 kl., goeroe oegi gangsal. R. S. M. dados pangagengipoen. Sarèhning katah moeridipoen ingkang tebih grijanipoen, ladjeng jasa internaat pisan wonten sawingkinging pamoelangan.

Titimangsa tanggal 2 Juli 1928 sakolahan sampoen dados djangkep 7 klas, pangagengipoen kedah Walandi. Kaleresan Mgr. N. v/d Pas kersa ambikak sakolahan ing Djember. R. S. Martosoedaro kapasrahan padamelan poenika. Sakolahan H.I.S. kapasrahaken dateng Fr. Augustinus.

R. S. Martosoedarmo oegi ladjeng blas tindak ing Djember. Sakedap sakolahan Standaardschool madeg, moeridipoen 37. Samangké sampoen dados kalih klas, goeroe oegi tambah. Malah R. S. Martosoedarmo taksih kadawoehan njepeng cursus goeroe doesoen oegi. Wé la sapinten awrating padamelanipoen! Sanadyan awrat, sadaja ingkang katjepeng saged saé, madjeng, mentes wohipoen. Margi poenapa? Pandjenenganipoen boten wegah kesel, sanadyan ngelih adoes kringet, saben sijang késah tindak mara tamoe dateng grijanipoen tijang sepoehipoen moerid. Mangka srana poenika kados-kados ingkang saé pijambak kanggé ngadjengaken pamoelangan; ladjeng taksih katambahan pepénginanipoen moerid, inggih warni-warni. Nanging sadaja poenika waoe taksih kawon kalijan srana satoenggal kémawon, i.p. sadaja waoe taksih dipoenlarapi toetoep sembahjangan. Koela goemoen sanget dateng sregep toehoenipoen R. S. Martosoedarmo, anggènipoen saben éndjing boten towong sowan Goesti njoewoen barkah Dalem. Ingrikoe katingal sanget renaning Goesti ngloebèraken sih Dalem, dateng pandjenenganipoen katjihna sadaja padamelanipoen madjeng.

R. S. M. oegi ngrangkep dados goeroe Agami. Pandjenenganipoen ingkang tjakal bakal nanemaken pitados R. K. ing salebeting manahipoen tijang Djawi ing tanah Wétan. Satindakipoen saking Malang ingrikoe ± tijang 50 ingkang sampoen andèrèk Sang Kristoes. Pandjenenganipoen oegi kerep kadawoehan ndèrèk dateng sanès papan perloe moelangaken Agami R. K. kadosta ing Balésari sarta ing Soekarena. Pandjenenganipoen pantes dipoenwastani bebénggoling sadèrèk Katoelik ing tanah Djawi Wétan.

Kados-poendi soegengipoen saben dinten? Sarèhning ing nginggil sampoen katah ingkang koela atoeraken ing riki koela tjekak kémawon. R. S. Martosoedarmo ngoerbanaken salira, gesang pijambakan. Sampoen naté ngandika, jèn boten kersa kagoengan sisihan manawi boten pinaringan sisihan ingkang saged tjondong kalijan kersanipoen. Pandjenenganipoen manganggé pasadja barès, boten gemebjar, toer oegi boten ngersakaken kalenggahanipoen, dahar sawontenipoen sarta jèn kablebeg ing pandamelan oegi asring nilar dahar, sarènipoen oegi namoeng sakedik, terkadang oegi boten saré kalanipoen répot. Tanggapipoen dateng sadèrèk, pamitran sarta wewengkonipoen soemanak soemèh, asring-asring boeteng jèn boten perloe, kalijan prijantoen énggal andap-asor, rena tetoeloeng dateng sinten ingkang pantes tinoeloengan, kerep madosaken padamelan sadèrèk ingkang saweg nganggoer, sarta seneng oegi damel bingahing sanès.

Mitoeroet omonging sadèrèk R. S. Martosoedarmo poenika sédanipoen margi nglampahi ajahan dados periodeteller. Pandjenenganipoen doemawah radi mboten sakétja, éwasamanten, rèhning padamelan poenika ageng goenanipoen, meksa tindak natjahaken djiwaning kampoeng ingkang sampoen katampi. Ing wasana sakondoeripoen ladjeng gerah bentèr kalih dinten, teroes kabekta ing grija sakit. Tigang dintenipoen loentak rah. Sareng sampoen pinaringan sadaja Sakramèn-Sakramèn betahing tijang ingkang badé pedjah, R. Martosoedarmo ladjeng kondoer dateng ing djaman kalanggengan kanti tentrem.

Wonten ing Djember R. Martosoedarmo sakedap kémawon kadjèn kèringan déning para prajagoeng ingrikoe, langkoeng² tijang alit. Pramila nalika lajon kaangkataken wonten sèket dokar ingkang ngiring ndèrèk mlebet ing Grédja teroes dateng ing koeboer pisan. Soemangga p. m. koela atoeri nggalih dateng soegengipoen R. S. Martosoedarmo. Poenapa kalintoe jèn ta koela sami noelada ing pandjenenganipoen?

O, R. Simon Martosoedarmo, boten langkoeng para sadèrèk ingkang taksih sami klambrangan wonten ing pasétran sami amemoedji, moegi énggala kepareng soemiwi ing ngarsaning Hjang Maha Agoeng, njenjoewoenaken sih rachmad Dalem dateng para kawoela sadaja, sageda ing béndjing noesoel pandjenengan ngloehoeraken Goesti pepoendèn kita S. Kristoes. Sadèrèk R. Simon Martosoedarmo, saréa klajan tentrem!

R. I. P.

Atas namaning goeroe² R. K. H. I. S. ing Malang. *F. O. Rahardja.*

R. K. HOLL. INL. SCHOOL ÉNGGAL
ING AMBON.

**Betah goeroe Katolik kakoeng, mawi diploma Kweekschool; jèn wonten, ingkang sampoen agarwa. Blandja lss. kados ing goepermènan; malah inggih mawi gratificatie, jèn mila pantjèn kedah mawi. Serat lamaran kakintoena dateng Administratie Swara-Tama.**

## PRADJA RAHAJOE.

### TJARA INGKANG ANÈH.

Djaman sapoenika djaman madjeng, njata. Katah tijang pinter, pantjèn. Nanging koela dèrèng saged pitados bilih oegi katah tijang saged (pinter) ingkang witjaksana, liripoen nganggé kasagedanipoen ingkang kanti samestinipoen. Kosok-wangsoelipoen katah tijang pinter ingkang ladjeng minteri. Katah tijang ingkang ngertos dateng wèt ingkang ladjeng gadah réka kados-poendi akalipoen sagedipoen mbrobos sampoen ngantos noendjang angger-angger satoenggal lan satoenggalipoen. Kados sampoen katah tepa paloepi ingkang sami kelampah ing kiwa tengen pandjenengan sadaja. Sampoen.

Koela badé ngatoeraken tjaranipoen tijang mantoe ing tangga koela.

Noedjoe satoenggal dinten poen tjalon pangantèn djaler késah ngèdjèg (ndokar) dateng doesoen sanès; ing ngrikoe soemerep wonten laré èstri, tjara Semarangipoen contact, (kapranan). Poen tijang djaler doemoegi ing grija ladjeng kèngkènan tijang kapoerih niti priksa poen laré èstri (tjangoek of tjongok). Tijang waoe nindakaken tjaraning tjongok. Sareng sampoen mateng, tegesipoen tijang èstri poeroen, ladjeng dipoenketik badé dipoentjolong sarana semadosan djam semanten kapoerih wonten ing margi badé kapetoek dokaripoen. Kelampahan ladjeng katindakaken. Sareng let 3 à 4 dinten tijang sepoehipoen madosi, pinanggih ing grijanipoen tjalon pangantèn djaler. Anakipoen ladjeng dipoendjak wangsoel, nanging tjarijos boten poeroen, tjarijos badé toemoet ingkang mbekta késah waoe. Let sawatawis dinten malih oegi ladjeng idjab.

Tjobi sadèrèk, kok wonten tjara kados makaten. Inggih jèn tjara makaten waoe tjara loegoe, tegesipoen loegoe boten kok apoes-apoesan oetawi akal-akalan.

Lo samar koela poenika rèhning djaman katah tijang pinter gèk tijang pinter perloe badé minteri. Tindak ingkang makaten poenika rak nggampilaken sanget tijang nglampahi kadoersilan. Tjarijosipoen manawi mendet laré èstri sarana katjolong, poenika tanda jèn tijang djaler sampoen tjekap. É, dados jèn makaten tijang tjekap poenika winenang nindakaken ingkang kirang prajogi!? Langkoeng-langkoeng ing rèhning djaman sapoenika saweg oesoem doejoeng, (wong golèk wong wadon arep didol) koela oegi samar dateng tijang ingkang njolong perloe badé kasadé waoe.

Soemangga sadèrèk-sadèrèk koela poetri ingkang sami badé ndjoendjoeng dradjating wanita koela atoeri merangi, tjara ingkang makaten poenika. Sokoer bilih kersa ngampil kagem angsal-angsal tindak dateng Honoloeloe, sageda kondoer ngampil angsal-angsal.

1. Itjaling wajoeh.
2. Boten nggampilaken tijang pegatan.
3. Saged ngrampas wontenipoen vrouwenhandel.
4. Sampoernaning (moesna) tijang-tijang èstri ingkang nindakaken palanjahan lsp.

F. J. HOEROEBISMA
Banjoewangi.

## L A R A S A T I.

### SAMPOEN NDADOSAKEN KEDJOTING PANGGALIH LO!

Para sadèrèk poetri, langkoeng-langkoeng ingkang sampoen ngrasoek Agami kita Katholiek, kados-poendi tepang oetawi sesedérékan pandjenengan dateng sasami kita wanita jèn pinoedjoe pepanggihan oetawi kempalan? Pitakèn koela ingkang wiwitan. Poenapa sami roemaket saéka praja? Poenapa boten mbédak-mbédakaken? Liripoen boten lamis, sanadjan kalijan bangsa loehoer oetawi bangsa asor oepaminipoen? Awit prakawis kempal kalijan sedèrèk katah poenika mila angèl nganggé sanget, langkoeng-langkoeng jèn samia boten noenggil agami. Mila prakawis waoe asring adamel djoedeging manah. Éwasamanten prakawis pergaoelan kénging koela damel kanti seneng *minangka* sedèrèk-sedèrèk ing papan karaméjan (donja), oeger boten mawi pilih-pilih, oepami: pangkat, seseboetan, kasoegihan, kamlaratanipoen enz. Awit tjotjoging manah boten doemoenoeng ing kasoegihan, kadladjatan, kamlaratan enz. Wah, mila kala koela, sakantja soemerep roemaketing sesedèrèkanipoen tijang-tijang ingkang doedoenoeng ing satoenggiling kita ingkang wanitanipoen sampoen kalebet katah, saged sami saéka praja roemaket roekoen, manah koela ladjeng kapranan alijas saged kepéngin kawontenan waoe. Salebeting manah: „Wah embok roedjoeking enggoné sedoeloeran, sedoeloer-sedoeloerkoe wanita ing negara anoe kaé ija kaja ngono ikoe". Mangka wanita-wanita ingkang kaseboet ing nginggil waoe oegi béda pangkat oetawi kalenggahanipoen, oepami wonten bendaranipoen goeroe, bendara dokter (verpleegster), radèn ajoe, radèn ngantèn, mas adjeng, mas enz., dados boten namoeng sawarni.

Roemaketing pasedèrèkan boten kalapis ing djawi, nanging malah sampoen toemantjep ing sanoebari. „Jak, tandané endi?" kèri-kèri marga ana tamoe saka nagara lija bandjoer dipoelas sapa ngerti!" O poenika boten, awit koela sampoen ngjakinaken wonsal-wangsoel. Toelada: kala koela ngleresi toemoet kempalan ing kalanganing wanita, wonten ing satoenggiling kita waoe, goemoen koela sanget soemerep tindakipoen pangarsa. Nalika pakempalan sampoen kabikak kados satjaranipoen, doemadakan pangarsa miling-miling mriksani ing wingking kados wonten ingkang kapriksanan, ladjeng ngandika: „Ing wingking kados wonten sadèrèk énggal, poenapa inggih tjalon dados warga pakemplan ngriki, ngiras nepangaken roemijin!" Ingkang katakénan mratélakaken jèn namoeng tamoe. Déné ingkang satoenggal njoewoen dados lid, wah pangarsa ngatingalaken bingahing manah, déné angsal warga énggal, ladjeng katepangaken kalijan warga-warga lami sanèsipoen, soepados ngertosa jèn, angsal sadèrèk énggal.

Sebab poenapa ta kados makaten teka goemoen, o mila goemoen, awit ing pakempalaning kalangan kita gotrah wanita béda sanget. Jèn wonten sadèrèk énggal inggih ladjeng katakèkaken kantjanipoen ingkang ngertos namanipoen, ladjeng katjatetan woelan tjandakipoen katarik contributie, dados sadèrèk énggal waoe dèrèng ngantos tepang kalijan pangrèhing pakempalan lan warga sanèsipoen. Saking pamanggih koela teka loetjoe, ngerti baé doeroeng wis ditarik doewit. Toer boten saben kita sami pranatanipoen, awit wonten paribasan: „Negara mawa tata désa mawa tjara." nanging . . .,

Dados saged kita sesrawoengan kanti dedasar roemaket roekoen, poenika kabekta saking panoentoen ingkang kaseboet sampoen inggil. Mila, wah kagèt koela, sareng pangarsa pijambak kersa nggapé dateng tamoe lan tjalon warga waoe, ingkang roemaosipoen wonten ing ngrikoe boten katingal margi saking andaping pangkat? Dados oeger ingkang loehoer karsa tjawé-tjawé lan ngrangkoel roemijin, mangké ingkang andap-andap temtoe boten sandé moeroegi; awit ingkang andap adjrih jèn badé tjawé-tjawé roemijin, ngèngeti asoripoen. Kosok-wangsoelipoen jèn ingkang loehoer namoeng nggedangkrang ngetingalaken pangoewaosipoen, boten poeroen tjawé-tjawé oetawi tjandoek lawoeng kalijan ingkang asor, inggih temtoe boten badé wonten sadèrèk ngingoek alijas boten gadah tepangan. Mila nalika koela sakantja sami kataman ing tetemboengan ingkang wosipoen njepèlèkaken, sanget ing kesakit-sakitipoen. O, inggih leres tijang kita namoeng bangsa asor: Menggah katatalanipoen, kadosta: jèn pinoedjoe pepanggihan, kita sakantja poenika kados² boten ketingal, wonten rembag² poenapa ingkang kapeleng namoeng panggènan ingkang dados groepipoen, lah ngriki poenika dateng kanggé poenapa, poenapa dados tengoel? wah memelas kita sapangandap. Lha jèn kita sampoen mlebet ing pakempalan ngrikoe, rak inggih boten béda ta asokipoen arta contributie, lan als gewone leden wewenangipoen rak inggih sami, ta? Dados jèn babagan kalijan pakempalan jèn milih bangsa bestuur, ingkang andap oegi kapiliha, wontenipoen boten saged, awit dèrèng naté kadadosaken, wondéné sagedipoen jèn sampoen kapeksa nglampahi. Dados tjekak aos sampoen sanget-sanget anggènipoen mbédak-mbédakaken. Awit boten namoeng poenika ketawisipoen jèn mawi njilah-njilahaken; kadosta: sebab poenapa grapjak of soemanaking para panoentoen waoe, inggih poenika ing kita koela, namoeng jèn badé angsal baoe oetawi pitoeloenganipoen

# KABAR PAKEMPALAN.

**Parepatan Moeda Katholiek afd. werkenden, nalika tanggal 12 Oct. wonten ing sekolahan Kambing.**

Ingkang rawoeh wonten sadèrèk 28 kalijan tamoe sawatawis; poenapa dénè Rama Moderator.

Ingkang karembag prakawis:

1. Pista taoenan: Sarèhning roemijin sadaja warga lan donateurs sampoen katetepaken oeroen kanggé wragad pista waoe, dados sinten ingkang boten ambajar, boten angsal kartjis babar pisan. Déné ingkang saweg asok sepalih oetawi langkoeng, badé dipoendjogi arta kas, nanging béndjing kedah mangsoelaken.

b. paméranging pandamelan.

Bestuur netepaken warga-warga, ingkang kedah ngrèntjangi béndjing jèn doemoegi tapoeking damel. Déné warga sanèsipoen ingkang dèrèng kapandoeman pandamelan kasoewoen karsaa ngawat-awati lan tjawé-tjawé jèn wonten kètèripoen.

c. Wekdal: pista kadawahaken béndjing tanggal 8 malem 9 November, dados moendoer 3 minggoe, soepados sampoen njarengi tingalan dalem djoemenengan.

d. Insigne: Wonten ing karaméjan pista taoenan, warga kedah nganggé insigne, kénging mendet dateng panitra sareng kalijan pamendetipoen kartjis. (wiwit tg. 1 Nov.).

2. Statuten: Statuten M.K. ingkang roemijin karembag dèrèng njekapi, pramila Kangdjeng Biskop ing Betawi lan para Pastoer sarembag kalijan prijantoen ingkang damang ing prakawis „jeugdorganisatie'' ladjeng ambangoen statuten kanggé, Moeda Katoelik golongan werkenden (ingkang sampoen njamboet damel) kanggé golongan moerid angka 2 lan moerid sekolahan tengahan. Wonten ing parepatan statuten katerangaken déning Rama Moderator, ingkang ladjeng dipoentjotjogi (roedjoeki) déning para warga sadaja.

3. Pakabaran. a. Bestuur ngabari dateng para warga bab wontenipoen pakempalan P.P.P.P.A. ingkang toedjoenipoen mitoeloengi tijang sepoeh ingkang sami kétjalan anakipoen (ratjakipoen anak èstri ingkang sampoen diwasa).

Pramila sareng sad. Soegiri sampoen sesorah lan nerangaken prakawis poenika, para warga sami roedjoek sadaja soepados M.K. inggih dados warganing P.P.P.P.A. déné contributie kasanggi warga sadaja, sarana contributie woelanan kaindakaken 5 sèn.

b. M.K. kapasrahan pandamelan madjang papan kanggé ngoermati Kangdjeng Soeltan

4. Oesoel-oesoel: Wonten sadèrèk ingkang oesoel soepados M.K. afd. njamboet damel ngedegaken kempalan bal-balan, warga tjampoer kalijan M. K. afd. moerid sekolahan tengahan.

Wonten malih ingkang oesoel, soepados M.K. inggih ngwontenaken tennisclub, déné papan njéwa papanipoen B. O.

Sadaja waoe, bestuur inggih badé ngrembag.

**K. W. Salatiga.**

*Ledenvergadering 12/10 - 1930.*

Ingkang karembag:

1) Maos notulen ledenverg. 17/8 - 1930.

2) Babad K. W. Salatiga. Pangarsa ngandaraken tjekak aos babad K. W. wiwit lair doemoegi sapoenikanipoen.

3) Amrih langkoeng raket anggènipoen sasadèrèkan warga K. W. nglebet lan djawi kita Salatiga, saben woelan badé kawontenaken lezing, ingkang ngedali lezing kaoendi.

4) Pangarsa soeka priksa bilih Stat. lan H. R. sampoen kaidinan (goed gekeurd), déning Padoeka Kangdjeng Bisschop. Saha badé kaparingan Geestel. adviseur.

5) Tanggal 25 Dec. bakda Mis sijang K. W. Salatiga badé ngawontenaken pista taoenan wonten ing H. I. S. partic.

6) Bestuur Pangroekti Laja njoewoen dateng Best. K. W. soepados mboedi daja moerih medaking béjanipoen pangoeboer ing Kerkhof (Gemeente), kanggé sadèrèk Kristen Indonesia. Manawi boten kepareng lajon soepados saged kakoeboer ing koeboeran Djawi.

7) Pangarsa nerangaken sakedik bab P. C. C. I. (Perkoempoelan Crediet-Coöperatie Indonesia) ingkang mentas kaadegaken déning pak. B. O. afd. Salatiga. Ingkang kénging dados warga tijang Indonesiër ing sakoekoeban Salatiga, Ambarawa lan Oengaran. Regining aandeel f 10. Tijang satoenggal kénging moendoet aandeel katah-katahipoen gangsal. Aandeel kénging katjitjil ing dalem 5 woelan. Angsal-angsalaning pawitan badé kalampahaken kasamboetaken sarana mendet rente 24% ing dalem setahoen.

Sanès lid oegi kénging njamboet nanging nganggé tanggelanipoen lid. Wontenipoen sapoenika saweg Credietcoöperatie (njamboetaken arta). Manawi toemindakipoen saé béndjing oegi badé dipoenadani verbruikscoöperatie (sadé betahing warga ing saben dintenipoen) lan productiecoöperatie) njadé pamedalipoen warga-warga oep. sadé daging sesarengan, banon ls.).

N. B. Poenapa kita oegi boten saged ada-ada damel bangsaning Coöperatie kasebat. Oep. damel Bank.

Manawi wonten sadèrèk ingkang badé moendoet priksa statuten lan Huishoud. regl. P.C.C.I. saged nerang dateng R. Th. Sardjana Hoofd Partic. H. I. S. Salatiga.

**K. W. SOERAKARTA.**

Dinten Ngahad tg. 12 October 1930 pakempalan kasebat nginggil ngwontenaken parepatan warga manggèn ing Kath. School Poerbajan. Ingkang ndjenengi wonten 43 kapétang oegi rama G. A. dalah warga pangrèh

Parepatan kawiwitan djam 10 tèng.

Pèngetan pakempalan warga ingkang kapengker ladjeng kawaos toewin kaabsahaken pisan.

Bakda poenika pangrèh ngabaraken:

1. Lèrèhing pangarsa K. W. (sad. Dwidjadisastra). Ingkang goemantos pandjenenganipoen 2e. voorz. sad. Martasoedarma. Katetepaken oegi dados 2e. Secr. K. W. sad. Dwidjasepoetra.
2. Darma kanggé kabetahaning Grédja ing Samaitan (Sléman). Kanggé bikakan Grédja K. W. sagah oeroen f 2.50. Kanggé mbantoe adeging Grédja K. W. ngideraken lijst-darma dateng sadèrèk Kath. sadaja.
3. Darma kanggé kasangsaran Likasan sampoen kakintoenaken dateng ingkang wadjib nampi. Katahing arta f 60,87.
4. K. W. badé damel motie dateng P.G.H.B. afd. Solo prakawis anggènipoen Frima R. Ogawa njebar boekoe „Moestika'' dateng para moerid-moerid.
5. Pandamelanipoen Commissie tata-tjara sampoen rampoeng.

Manoet padatan ingkang sampoen-sampoem jèn noedjoe riaja Kerstmis, sad. Katoelik ngwontenaken ropjan-ropjan ngiras alal-balal. Rèning wekdal poenika sampoen njelaki, pramila parepatan poenika ladjeng damel Comité Kerstmis. Déné ingkang dados babadaning Comité. 1 Sad. Somadisastra. 2. sad. Martasoedarma. 3. sad. Poedyahardja. 4. Sad. Djajaoetama. 5. Sad. Dwidjaoetama. 6. Sad. Soegita. 7. Sad. Tirtadihardja. Kadjawi poenika K. W. ada-ada damel Spaarclub. Ingkang tjalon dados warga wonten sad. 32. Para warga badénipoen saben woelan kawadjibaken njèlèngi apesipoen f 0,50. Ingkang kapilih mangrèhi Spaarclub poenika: Sad. Martasoedarma. sad. Poerwaatmadja Sad. Poedyadihardja. Sad. Rakyaparmaka. Sad. Soealbirah. Sad. Dwidjasoesana lan sad. Soemarta. Saladjengipoen sad. Sastrasoewarna oesoel: pak. sanès ingkang ngersaken ngagem barang-barangipoen K. W. kedah persaben lan manawi wonten risakipoen kersaa nglintoni, oesoel katampi. Sad. Dwidjasoesana oesoel soepados P.K.W. ngadanana bankinstelling Kath. nanging poenika dadosa panggalihanipoen K. W. roemijin, béndjing manawi parepatan malih sageda ngrembag ingkang mateng. Sad. Sastrasoedarma oesoel: soepados K. W. ngindaki barang-barangipoen ingkang practisch boten kétang saking sakedik. Oesoel katampi sarta badé katindakaken. Poenika wontenipoen oesoel-oesoel. Sareng pitakénan-pitakénan sadaja sampoen sami kawangsoelaken klajan terang parepatan djam 10. 30 katoetoep.

*Verslaggever.*

koela bangsa andap? ing wekdal sanès jèn pepanggihan étok-étok of ing semoe boten tepang? Poenapa poenika nama roemaket, of lamis??? Lan anggènipoen boten ngaosi baoening para andap inggih kesangeten. Kadosta: kita bangsa andap sampoen mitoeloengi pandamelanipoen sawatawis dangoe, boten wonten temboengipoen gadah panrimah dateng ingkang nglampahi. Nanging sareng ingkang njamboet damel kadang sanès ingkang loehoer sekedik, dèrèng kelampahan sampoen kaserat ing koran, wah soepados oeger tijang mangertos, poenapa poenika tandaning soepeketipoen???

Kedjawi poenika, ing salebeting kalanganing pakempalan kita wanita ing negari anoe waoe taksih wonten tradjangipoen ingkang kalebet nama jèn boten roedjoek, inggih poenika: ing satoenggiling dinten ing negari ngrikoe wonten parahargjan, koela bangsa asor inggih ndèrèk bingah-bingah, malah moeroegi dateng padoenoenganing pahargjan waoe. Doemoegi ing ngrikoe kapetoek djoeroe nampi tamoe, sareng ngertos jèn kita poen bangsa andap, namoeng kabagèkaken temboeng: „Sampoen kebak boten wonten panggénan malih!'' Mangka sadjatosipoen taksih wonten koersi ingkang taksih lowong, ingkang boten kinggilen kanggé kita. Nanging tijang golongan andap waoe, wongsal-wangsoel poen andap.

Kotjapa sareng ingkang rawoeh groepipoen pijambak, goepoeh anggènipoen manggakaken, malah kairid kapapanaken ing ngadjeng; lo rak njolok mata, toer ingkang dateng kantoen waoe inggih namoeng kaota sagrad kalijan kita! Wasana kita pating bloeloeng ngoepados enggèn pijambak, memelas, kantja andap, poenika poenapa tandaning roemaketipoen?? Inggih leres jèn mapanaken prijantoen mawi oenda oesoek pangkatipoen, nanging mbok ingkang samadya.

Wondéné maksoeding katrangan-katrangan ing nginggil waoe, boten teka kanggé ngatingal-ngatingalaken tjatjadipoen soepados kapojok, o poenika boten babar pisan. Nanging soepados mangertos jèn pasedèrèkanipoen gotrah wanita langkoeng-langkoeng ingkang sampoen Katholiek, sageda saéka praja, roemaket roekoen, awit menggahing roemaketipoen èstoe dèrèng katingal ménginaken jèn katimbang kalijan negari ingkang sampoen koela soemerepi pijambak kasebat nginggil. Bab namaning negari boten perloe koela atoeraken, awit oeger ingkang kataman, temtoe badé kraos (Siapa berloeka tentoe merasa) mekaten babasanipoen.

Wasana koela njoemanggakaken para maos, namoeng angkah koela moegi obrolan koela, moerakabana para sadèrèk wanita ing negari anoe, ingkang anggènipoen sesedérékan dèrèng katingal saé. Boten langkoeng moegi sampoen kirang pangapoenten, toemrap dongèng koela.

sadèrèk: *G. Bericht.*


**MISSIE BABADAN ÉNGGAL**

**ING DJAWI-WÉTAN**

Betah goeroe kakoeng katolik, wedalan saking Normaalschool, jèn wonten ingkang sampoen ajoeswa.

Serat lamaran toewin poendoetan katrangan kakintoena dateng

ADMINISTRATIE SWARA-TAMA.


## RINGKESAN BABAGAN SESEREPAN LAN KAGOENAN.

Kala taoen 27-28 koela sampoen adjeg ngladosi Swara Tama mligi kanggé babagan poenika. Ing sarèhning sampoen ketingal sela lan padang langitipoen jèn saged bab poenika badé koela ajati malih.

Ing wekdal samangké Europa horeg ngrembag bab kirang pendamelan, lan Amerika U. S. kedawahan ingkang kesangeten pijambak, wonten Amerika pijambak (wonten koranipoen) sasaged-saged bab poenika dipoentoetoepi oetawi dipoensesoepé. Bab poenika Europa inggih sampoen alok. Inggih leres Hoover sampoen glijak-glijak tatatata, namoeng ing koran-koran bab poenika sepi, b o t e n karembag.


**VAN LITH-STICHTING**

JEJASAN

ingkang kedah

kita santosakaken

**Penningmeester V. L. S.**

p/a 2e. Convict

Moetilan N. I. S.


Boten kados Europa, bab poenika dados toedjoening rerembagan ing koran-koran. Ing U. S. A. malah pamèr indaking djiwanipoen, sapoenika sampoen mèh 125 joeta!

Angkanipoen ingkang leres: 122,698,190. Sata ngoemoekaken jèn kita ingkang gadah djiwa langkoeng saking 100.000. wonten 93, ing taoen 1920 saweg 68. Déné ingkang djiwanipoen langkoeng saking 250.000. oetawi 1/4 mlijoen kala 1920 wontan 30, taoen 1930 angka waoe dados 38. Ingkang ageng pijambak New York, taoen 1930 poenika djiwanipoen mèh 7 joeta (6.958.792), Chicago angka kalih, mèh 3 1/2 joeta (3,373,753), kita tiga sanèsipoen ngandap poenika sami gadah djiwa langkoeng saking 1 joeta sadaja:

Philadelphia — 1.961.458.
Detroit (Ford!) — 1.564.397.
Los Angeles — 1.231.730.
San Francisco namoeng 1/2 joeta langkoeng sakedik: 625.974.

Manoet pretèlan nginggil poenika dados tetéla ngrika mentas wonten Volkstelling, lan ketingal oegi wontenipoen Volkstelling saben 10 taoen; Djepang semanten oegi; namoeng Perantjis wontenipoen volkstelling saben 5 taoen.

Djiwa Amerika U. S. semanten waoe jèn katanding kala 1920 indakipoen wonten 16.987.570. Sarta Volkstellingkantoor wonten ngrika kaseboet Census Bureau, lan doemoeginipoen wonten Washington, jèn Indonesia ngriki wonten ing Weltevreden (tjelak H. I. S. van Lithschool).

Kedjawi poenika toemrap para njinaoe kawontenan Amerika kedah kaémoetaken bilih namaning staat lan kitanipoen kerep boten sami, kados Chicago, poenika dados kradjanipoen staat Illinois, kita Washington dados kradjanipoen staat Virginië lan staat Washington kradjanipoen ing Seatle! Poenika ingkang radi mbingoengaken, kita lan staat Washington boten toenggil! Kedjawi New York, poenika inggih dados kradjanipoen staat New York. San Francisco dados kradjanipoen staat Californië.

Limrahipoen adrès-adrès saking lan dateng Amerika mawi kaseboetaken staatipoen, kapasang sawingkinging namaning kita lan katjekak, sarta tjekakan waoe oegi adjeg, boten sakadjeng-kadjengipoen. Manoet ingkang sampoen kaseboet nginggil, seratanipoen makaten:

Chicago, Ill.
New York, N.Y.
San Francisco, Calif.
Seatle, Washington (namaning staat poenika awis katjekak).
Washington, Virg.

Jèn New York kadjengipoen kita New York, jèn tanpa mawi ketrangan staatipoen, adat kaserat. New York City (City: kita ageng).

Kedjawi poenika saking Amerika oegi kakabaraken bilih Major Reuben Hollis Fleet, president panggaotan iberan ingkang nama Consolidated Aircraft Corparation ing kita Buffalo, N.Y: badé énggal damel tjobèn miber dateng Europa ambekta tijang 100! mawi motor 16 ingkang setoenggal-setoenggalipoen gadah kekijatan 600 P.K.

Bab prekawis sanès malih ingkang perloe kagijaraken ingriki bab pangopènipoen tijang boedeg ing Amerika. Kawartosaken saweg poenika, jèn ing Amerika margi saking saèning pangrimatipoen, tijang-tijang boedeg ing ngrika saged ngetjakaken pakarjan poenapa kémawon kedjawi dados toekang maboer. Ing saben staat ing U.S.A. temtoe gadah pamoelangan kanggé laré boedeg, ngantos laré-laré waoe saged mlebet ing Universiteit kedjawi 4 staat: ingkang boten gadah pamoelangan pijambak: Delaware, New Hampshire, Nevada lan Wyoming (U.S.A. kedadosan saking staat 49), ladjeng sami kepeksa ngintoenaken laré-laré ingkang sami boedeg dateng staat sanèsipoen ingkang gadah pamoelangan kanggé laré boedeg.

Bab pangoepakara tijang oetawi laré boedeg poenika babadipoen sampoen wiwit kala tengah-tengahipoen abad XVIII ing saantawisipoen taoen 1712 kalijan 1789, djaman soegengipoen Abbé de L' Épée, imam Roem-Katoelik lan dados Kanunnik ing katedral Troges, Perantjis. Inggih rama Pastoer poenika (émanipoen ladjeng kapotjot saking kalenggahanipoen Kanunnik, margi ladjeng ngenoet ngèlmi Jansenisme) ingkang kagoengan ada akal-akal soeka pitoeloengan dateng laré boedeg, kadjar gineman sarana tanda: ébahing dridji lan tangan. Dénè réka poenika pinanggihipoen mergi kabekta saking sadèrèkipoen rama pastoer waoe kalih, èstri sedaja, sami boedeg. Sedèrèk kekalih waoe sami kawoelang alfabèt ingkang kagambar sarana daridji (fingeralphabèt) ingkang sapriki lestantoen kanggé.

Inggih leres, methode énggal sapoenika-poenika laré boedeg sami kawoelang nampi pawitjantenan sarana namataken ébahing lambé, namoeng methode-dridji waoe meksa taksih lestantoen kaanggé ing poendi-poendi. Tijang-tijang boedeg ing Amerika, Europa lan Ierland sadaja sami gineman nganggé dridji tangan tengen, nanging tijang boedeg ing Inggris lan Australia mawi dridji tangan kalih pisan.

Ing woelan Augustus ing kita Buffalo, U. S. A. (staat: New Jork, tjelak tlaga Niagara) mentas wonten kempalaning tijang boedeg ngantos djangkep 2000, sedaja sami warganing National Asociation of the Deaf, oepami tjara Indonesia: Perserikatan Nastijonal boeat orang Toeli, perloe ngoermati adeging retjanipoen rama de L' Epée, déwaning tijang boedeg waoe.

Kadjawi katjrijosaken bilih ing U. S. A. tijang boedeg poenika saged ngetjaki njamboet damel poenapa kémawon, kedjawi dados toekang maboer, ing staat-staat sawatawis, Ohio, North Carolina lan Minnesota, sami gadah kantor pendamelan mligi madosaken pendamelan tijang ingkang boedeg.

Anggènipoen tijang boedeg boten saged dados toekang maboer poenika boten mergi anggènipoen boten saged mireng, nanging kabekta sepining pérangan koeping (gehoorsteentjes) ingkang kanggé ngraos timbang oetawi djedjeg lan boten.

Kanggé pendamelan sanès, manoet verslag saking kantor-kantor tanggoengan djiwa, tijang boedeg awis-awis sanget ingkang katiwasan wonten ing padamelan, margi sabab ngertos jèn boedeg, panjamboet damelipoen dados sami langkoeng ngatos-atos.

Tjobi kapirsanana pangkat poenapa ing U. S. A. ingkang saged katjepeng ing tijang boedeg: goeroe, djoeroe gambar, redaktoer, tani, soedagar, ahli chimiah, minister, dirèktoer gymnastiek, home managers.

Lan wedalan poendi? mangga kapirsanana: Gallandet College ing Washington, John Hopkins University, George Washington University, Mc Gill University, Pennsylvania University lan Callifornia University.

*Tambahan.*

Jansenisme, ngèlminipoen Cornelis Jansen (1585 — 1638), Biskop ing Yperen, ingkang katetepaken dados ngèlmi ambelasar déning Rama Soetji Urbanus VIII, sarta doemoegi sapoenika wonten nagari Walandi taksih kaenoet sawenèhing golongan.

Kaseboet saking basa Inggris déning ki *Heraclitus.*

# VARIA

## DONGÈNG SAKING BETAWI II.

*karanganipoen sad. S. lid R.K.D.B.*

Kala koela ndongèng wingi poenika sampoen sagah badé ndongèng bab padagangan lan kawontenanipoen pamoelangan Walandi Katoelik.

Sadèrèngipoen koela ngandaraken sekedik bab padagangan, koela matoer roemijin poendi ingkang koela seboet Betawi.

Ingkang koela kadjengaken Betawi ingriki menawi tanpa ketrangan sanès ateges Betawi — Weltevreden lan Meester Cornelis, ingkang jèn tjara Betawi Mistir oetawi Mèstèr, tanpa Cornelis. Amargi kita tetiga waoe sampoen dados satoenggal lan garis tengahipoen watawis 14 K.M. oetawi 9 paal, dados 2 pos kirang sakedik.

Padagangan ing kita Betawinipoen pijambak (Betawi loegoe) babar pisan katjepeng ing golongan Tiong Hoa. Menawi badé pirsa kakijatanipoen sad. Tiong Hoa koela atoeri mrikoe. Grija ageng-ageng, bank, toko, gesang, kasenengan lan restaurant Tiong Hoa wonten ngrikoe ketingal merdika, soeboer, sembada. Béda kalijan jèn pendjenengan ngadeg wonten ing telenganing Weltevreden tjelak aloen-aloen singa (Rijswijk, Noordwijk) ngrikoe kados wonten ing tengahing kita sabrang, sedaja toko katjepeng bangsa Europa, kasloendingan toko bangsa boemi Sapi-ie. Ing Meester padaganganipoen 3/4 oegi katjepeng bangsa Tiong Hoa.

Bab pamoelangan Katoelik kanggé bangsa Walandi mèh sadaja kaasta para broeder lan zuster, kedjawi sekolahan andap tjelak H.I.S. van Lithschool ingkang nama Xaverius School taksih katjepeng goeroe-goeroe Welandi limrah. Para zuster dalem lan pamoelanganipoen ketingal gagah-gagah, H.B.S. wonten 2 lan Kweekschool oegi wonten 2. A. M. S. kaasta para Rama pastoer Jezuïet, ingkang moeridipoen Djawi sami tilas saking Moentilan oetawi Ngajodja.

Kedjawi babagan kalih werni ing nginggil ingkang perloe kaatoeraken malih bab pepaking tijang mantja ingrikoe. Jejasan goepermèn lan partikelir ingkang nggegirisi sami ketingal wonten ing Betawi lan Weltevreden kadosta: station, kantorpost, spaarbank, Javabank, Gouverneurskantoor lsp.

Pepaking bangsa mantja waoe kabekta saking kita ageng, kita pelaboehan lan dados poesering paprèntahan, wonten ing Betawi pendjenengan saged pirsa tijang Djepang wonten rikoe gadah soos pijambak, saged pirsa toko Padang, toko gadahanipoen tijang Perantjis, tijang Djerman, kantor dagang Itali (società commissionaria di esportazione e di importazione), grija consul generaal Japan, consulaat Itali (Rmo. Consolato d' Italia) l.s.s. Lan oegi boten anggoemoenaken, margi saking werni-wernining bangsa, andjalari kala-kala soerem béda-bédaning golongan: toko priboemi gadah poenggawa tijang koelit petak (Sapi-ie), maskapé Tiong Hoa poenggawanipoen Indoe (Niao), toko Tiong Hwa poenggawanipoen tijang Europa (Tio Tek Hong), Kleermaker Tionghoa looperipoen Walandi l.s.s.

Bab tetoempakan ingkang tjeta ing Betawi-ageng (Betawi-Weltevreden, Meester Cornelis) karegem ing tijang Golongan: goepermèn (S. S.), partikelir (bus lan tram electrisch B. V. M.) lan golongan Tiong Hoa (bus Niao).

Maskapé B. V. M. poenika, tjekakan saking het Bataviasch Verkeer Maatschappij, kedadosan saking maskapé kalih: Ned. Ind. Tram Mij lan Bataviasche Tram mij. Ing taoen 1930 poenika (saweg wiwit woelan September) maskapé kalih waoe roekoen dados satoenggal, perloe kanggé mlèpèt maskapé Tiong Hoa „Niao'' oetawi Ned. Ind. Autobus onderneming.

Tetoempakan kalih golongan poenika, B. V. M. Niao, gesangipoen namoeng mligi wonten salebeting Betawi-ageng (14 K. M.), ingkang bakoe ngladosi poenggawa kantor, laré sakolah lan tijang dagang sawatawis. Tijang nglebet kita mèh boten naté migoenakaken bus ing-

kang medal saking djawi kita, ingkang adatipoen busipoen langkoeng awon.

Kados ingkang njerat karangan poenika oegi kepeksa migoenakaken bus B. V. M., margi ngémoeti grijanipoen tebih saking papanipoen njamboet damel (5 - 6 K. M.; awas nglebet kita!!)

Margi djiwa Katoelik ing Betawi boten kirang saking 10.000 mila jejasan Katoelik oegi nglegaken. Inggih leres kala-kala wonten oedoer, nanging pakarjan ingkang medal saking karoekoenan gotrah Katoelik kerep damel éringipoen golongan sanès.

Kerep sanget ing kathedraal ing aloen - aloen singa (klebet jejasan ingkang adi pijambak ing sa-Indonesia, déné wangoenipoen gothiek) kanggé waton ngelokaken jèn golongan Katoelik poenika pantjèn s o e g i h, mila . . . . radi getir prijantoen . . . . . mila wonten méntjokipoen jèn kakabaraken katah tijang dados Katoelik margi mélik banda „zie maar, de Katholieken hebben altijd mooie kerken,” koela mireng oekara makaten poenika goemoedjeng, nanging kanggé gentos nempiling kok radi boten adakan pirantosipoen,— nanging koela inggih boten kasoepèn bilih golongan R. K. mila ageng pijambak ing sadonja.

Wonten ing kalangan ném-néman Indonesia, ratjak-ratjak margi bédabédaning dialect, Djawi, Batak, Soenda, Sangir, Minahasa, basa ingkang adakan ladjeng basa Walandi.

Sadèrèk Batak wonten Betawi adat saged angsal papan saé, awit ingkang katah wanter, sarta ratjakratjak watakipoen mèmper tijang Djerman, basanipoen antep, paketjapanipoen rikat, pawakan saé, sembada, kekel, kijat.

Bintang Timoer, Nera lan pakarjan sanèsipoen malih sadaja sami adanipoen sadèrèk Batak. Kantja Djawi anteng-anteng namoeng sabèn anteng adat blandjanipoen inggil: commies anoe, commies anoe! Koela sampoen naté nepangi prijantoen barès, mèndel, pesadja, sareng linton adres: R. anoe, commies anoe. Manah koela kepranan. Kaoetamèn Djawi wonten poendi² ketawis, mèndel, nanging ngintjik!

Kosok-wangsoelipoen tijang Djawi wonten Betawi kerep dipoenwadani: D j a w a p e m a d a t a n. Pantjèn makaten, badanipoen tijang Betawi saé-saé, (ratjak langkoeng saé tinimbang tijang Djawi tengah) saras, tjekap ingkang kateda. Ing tengah kita pandoeng kénging kaseboet boten wonten.

Saradadoe, oepas, conducteur, poenggawa kantor lan setasijoen katah Djawinipoen.

Tjeta malih sareng wonten pasar gambir, panggénan wajang kebak, boten amot, tanda Betawi djiwanipoen saking Djawi tengah katah. (entree f 0,50 lan f 1,—).

Jèn menganggé tjara kilénan, djalera, èstria, angèl pembatangipoen, poenapa Indo, Tionghoa, Batak, Soenda, Djawi, Mlajoe, angèl. Mila boten mokal jèn basa Walandi ladjeng ketengen.

Sanès dinten kaatoeraken bab defensie lan roemambatipoen agami Katoelik dateng tijang priboemi wonten ing telatah Betawi.

Sapoenika ngaso semanten roemijin.

# OERAP-SARI.

**Petikan saking serat-serat kabar sanès.**

## KABAR KATHOLIEK.

### Grija retrèt „Girisanta.”

*Atrap banon ingkang kawitan.*

Kala Djoemoewah 3 Oktober, djam $9^1/_2$ éndjing, *Grija Retrèt* (Retraitenhuis): *„Girisanta”* (Semarang) dipoentrapi banon ingkang kawitan. Ingkang andjenengi pandjenenganipoen P. Superior Van Kalken, para ngoelama saking poendi - poendi, poenapadéné wandawa Katholiek Djawi, Wlandi, Tionghoa pintenpinten.

Grija Retrèt poenika doenoengipoen angongkang margi ageng Oengaran — Bawèn, djembaring pémahanipoen $4^1/_2$ baoe; poenika ingkang dipoenadegi grija 2600 — 2700 $M^2$.

Grija retrèt poenika waoe kamaripoen 30. Déné ingkang mangagengi panggarapipoen, t. Kleiverda ing Semarang.

mBokmanawi kémawon béndjing tengah-tengahanipoen woelan Maart 1931, sampoen rampoeng.

### Grédja énggal.

*Ing Ngajogjakarta.*

Taoen poenika ing kalangan Missie Djawi katah Grédja énggal djoemedoel.

Ing Ngajogjakarta, kawartos inggih badé jasa Grédja énggal malih, ingkang dados kembaranipoen Grédja ing Kota Baroe.

### Missie Djawi Wétan.

Wiwit tanggal 8 Oktober pandjenenganipoen P. Emanuel Stultiëns kapindah saking Djember dateng Malang.

Ingkang anggentosi nindakaken pakarjanipoen, moemoelang tetijang ndoesoen, pandjenenganipoen P. Vloedt Malang.

### Zustersschool Semarang.

Pandjenenganipoen Zusters Franciscanessen ing Semarang ambikak sakolahan fröbel toewin lagere school wonten Bodjong.

# KABAR OEMOEM INDONESIA.

## BODJONEGORO.

*Saking pambantoe Sw. Tm.*

### Ngendat, djalaran . . . . . . .

Ing district Ngoempak Kalitidoe djadjahan kita Bodjonegoro wonten kawontenan ingkang anèh. Dèrèng dangoe poenika kita ngabaraken, manawi ing district Ngoempak sampoen awis tijang batjok - batjokan, nanging kita kepeksa ngabaraken gentosipoen i. p. main pentoeng.

Kala t. t. 19 Sept. poenika M. Roesmani, Schatter pandhuisdienst Kalitidoe badé noewèni sadèrèkipoen èstri ingkang sakit wonten ing kita Bodjonegoro. Wonten ing margi kaendeg ing M. Sastrasoedéwa, beheerder Houtstapelplaats Sem Liem Kongsie. Boten sronto-sronto wonten pentoeng kadjeng kesambi ± middellijn 15 cM pandjang 3/4 M dawah ing lengenipoen M. Schatter, ingkang dados lan poetoengipoen. Ingkang mentoeng Waker-ipoen Mas beheerder nama Tirtoredjo. Poen Schatter boten èstoe dateng Bj. nanging kapeksa sakit pijambak wonten ing ndistrickan. Éwasamanten kapeksa inggih dateng Bj. ngitjipi ngamar sakit. Oeroesan kaoeroes wonten ing district.

Kala t. t. 28 Sept. poenika, dados nembé 9 dintenipoen M. Schatter— M. beheerder inggih noetoeti dateng grija sakit, nanging sampoen dados lajon.

Menggah kabar - kabaripoen makaten:

Ing satoenggiling dinten M. beheerder betah arta, oetoesan nggantosaken gelangipoen ingkang èstri pak Tirtoredjo, wakeripoen dateng pegantosan. Pak Tirtoredjo wonten ing ngrikoe tampi temboeng-temboeng saking M. Schatter ingkang boten sakétja kamirengaken toemoedjoe dateng M. beheerder. Sasampoenipoen gantos, Tirtoredjo repotan bendaranipoen, ngandaraken tetemboengan ingkang kapireng waoe. „Gelang kok digadèkaké, mbok oentoené bodjoné kaé ditètèk digadèkaké mréné, oentoené rak ja emas ta??”

M. Beheerder ladjeng mrekitik mireng tetemboengan ingkang sanget menghina poenika ladjeng wonten poetoesan, soepados manawi pijambakipoen gineman kalijan M. Schatter, Tirtoredjo waoe énggal mentoenga penjakit nggantosan poenika.

Kedadosan: Nalika M. Schatter badé késahan dateng Bj. toewi sadèrèkipoen sakit, dipoenendeg mas beheerder, ingkang ladjeng kasoembang pak Tirto mawi pentoeng kesambi poenika, moetoengaken baoe kiwa,

Rèhning sadaja poenika sampoen kadoemoegèn, lan M. Schatter sampoen nggrija sakit ing Bj., M. Beheerder pitakèn ngalèr - ngidoel dateng sadèrèk-sadèrèk ingkang sampoen saé, ngandaraken sadaja kawontenanipoen. Para sadèrèk malah sami nglepataken dateng tindak makaten poenika.

Antawis 4 dintenipoen M. beheerder dateng Sbg., kilap dateng poendi? Njipeng ngantos 3 daloe. Sawangsoelipoen saking Sbg. inggih taksih nglelipoer manah takèn-takèn dateng sadèrèk-sadèrèk malih, moefakatan! Wangsoelan taksih sami kalijan roemijin kémawon, damel boten tentreming manahipoen M. Beheerder.

Kotjapa: Saking djoedeging manah, kala minggoe éndjing t. t. 28 Sept. wantji djam 5 lan ingkang èstri ladjeng kapoerih nggodog wédang, pijambakipoen taksih saréan. Sareng tinilar ingkang èstri badé raoep, l.s. mas beheerder djingkroeng noewek tenggokipoen mawi pennemes, dèrèng saged sampoerna. Prakawis ramé wonten ing nggrija, para maos saged nginten pijambak.

Woesana mas Beheerder katoempakaken montor badé kabekta dateng Bj, ing nglebeting montor M. beheerder dados lajon, kateroesaken kaemot dateng Bj.

Kita mireng, menggaha m. beheerder taksih gesang ing dinten minggoe poenika badé katjepeng déning politie, nanging rèhning sampoen nggeblas, dados inggih kapeksa boten dipoen menapakmenapakaken.

Sasampoening kapriksa toean Dokter lajon badé dipoenemot ing montor kabekta wangsoel dateng Kalitidoe, nanging sawenèhing montor kados déning staking boten wonten ingkang sami poeroen ngemot (adjrih dateng goegon toehon). Woesananipoen meksa inggih saged dateng doemoegi Kalitidoe lan kadoenoengaken pisan wonten ing makaman.

Ngendatipoen mas beheerder poenika taksih dados pitakénan? Poenapa roemaos isin?? Poenapa nganggé arta kas?? Poenika kita dèrèng saged namtokaken, mila ngentosi onderzoek roemijin.

Sinten ingkang roemaos menang? Sinaosa taksih sakit baoenipoen rak inggih mas schatter ta!? Nanging manawi temboeng² menghina kaseboet nginggil poenika leres, lan ingkang andjalari pedjahipoen m. beheerder,— kita ngatoeri ènget dateng M. Schatter sampoen sok ngempakakaken tetemboengan kasar ngerèkaken manah makaten malih, djer pantesipoen schatter makaten rak ingkang kedah saged ngemong dateng tijang ingkang badé nggantosaken ta!? Poenika manawi kagalih dateng panginggil inggih mangga, nanging koela namoeng ngatoeri pènget lo!?*)

### Njawa-njawa andjal.

Kita mireng saking tijang ingkang kénging kapitados bilih roemijin makaman ing kampoeng Soembang poenika dados soesoehing ketèkketèk.

Ing wantji daloe ketèk-ketèk waoe adamel rerisak ingkang boten samestinipoen wonten ing sakiwa - tengenipoen makaman ngrikoe,„ngantos tetijang ingkang gadah pategilan ing satjelakipoen soesoeh éblis-éblis kasebat sami boten poeroen nggarap tegilipoen awit boten sandé temtoe dipoenresahi ketèk² waoe.

Tetijang ingkang sami gegrija ing sakiwa-tengenipoen oegi ngraos geli manahipoen, djer sang pengrampèk poenika pantjèn tjlimoet saèstoe, ngantos poeroen mendet bekakas pawon poenapa ingkang moeroegaken dados tjotonipoen tijang gegrijan.

Doemadakan wonten ingkang gadah tékad rekès dateng pengageng, amrih para tjlemer poenika saged itjal.

Nalika dinten Slasa tg. 26 lan Kemis tg. 28 Aug. 1930 politie-opziener lan veldpolities 2 sami mbekta sendjata nloesoep-nloesoep ing greng-greng badé njirnakaken sadaja pengrisak kaamanan poenika.

Oengeling sendjata boten wonten kendat-kendatipoen.

Andjaling njawa-njawa waoe saking wadagipoen kados déné oetjoeling mimis saking sendjatanipoen.

Poenapa taksih satoenggal kalih ingkang taksih kanggénan njawa, kita boten patosa mredoeli, nanging sampoen jakin sanget bilih ing kampoeng Soembang sapoenika katingal aman, lan tetijang sami njrempeng nggarap pategilanipoen.

Memoedji sageda kasil katah!

Andjawi saking poenika, grenggreng waoe sapoenikanipoen sampoen katah ingkang sami kababadan.

Oepami sadaja greng-greng ing kita dipoenmakatenaken kados - poendi? Rak langkoeng saé ta?

Prakawis poenika moegi kagaliha déning ingkang kagoengan wadjib, djer saking pemanahan kita, kados boten jakoek manawi ing kita karésidénan taksih katah deling-delingipoen?*)

### Djiwa tanah Djawi.

Tjatetan voorloopig manoet Volkstelling nembé poenika, djiwa ing tanah Djawi lan Madoera, wonten 41.264.626. Mangka kala taoen 1920 djiwa waoe (Indonesiërs lan bangsa mantja) wonten 34.984.171. Dados mindak nem joeta langkoeng.

Manawi kagolongaken sapropinsi-sapropinsi mekaten:

| | 1930 | 1920 |
|---|---|---|
| **Djw. Kilèn** | 11.321.182. | 9.207.147. |
| **Djw. Tengah** | 11.224.855. | 9.905.080. |
| **Djw. Wétan** | 14.604.360. | 12.539.583. |
| **Soerakarta** | 2.565.772. | 2.049.547. |
| **Ngajogjakarta** | 1.548.457. | 1.282.815. |

Manawi karatjak, ketelipoen djiwa ing tanah Djawi, saben 1 K.M.² isi djiwa 310.

Bilih katanding kalijan keteling djiwa ing tanah mantja, kados ing ngandap poenika:

| | | |
|---|---|---|
| Nederland | tn. '28 : 226 | à K.M.² |
| Djerman | tn. '27 : 135. | |
| W.V. Saksen | tn. '27 : 336. | |
| Belgi | tn. '27 : 259. | |
| Baritanijah | tn. '26 : 259. | |
| Itali | tn. '27 : 132. | |
| Eur. Rusland | tn. '26 : 25. | |
| Djepang | tn. '28 : 163. | |
| Hind.-Inggris | tn. '21 : 68. | |
| W. V. Bengalen | tn. '21 : 235. | |

### Élèktris lan laré-laré.

Saking Biro Onderwijsraad, redaksi tampi pawartos soeraosipoen: Toewan *Jan Teders*, sakedap malih dateng wonten Indonesia. Wonten ngriki sawatawis woelan. Jan Te-

*) Panjoewoen koela, béndjing malih manawi damel pakabaran, koela atoeri ingkang ringkes. (Red.)



## HEM . . . . . . . . . POENAPA LESTANTOEN MAKATEN KÉMAWON?

Pétangan djiwa, sampoen kapengker. Volkstelling sampoen rampoeng; kadjeng koela: pandamelanipoen momentteller lan periodeteller sampoen telas. Betawi namoeng kantoen mangsakipoen.

Margi Volkstelling, Paréntah badé ngoeningani djiwaning kawoela. Badé pirsa kawontenanipoen. Badé damang tjatjahipoen ingkang nganggoer, lss. Satemah, toemrap Paréntah, manoet pangandikanipoen pijambak, badé anggampilaken panjepengipoen kemoedining papréntahan.

Toemrap kita ingkang dipoenpétang; para djoeroe moedining p e r g e r a k a n, Volkstelling waoe inggih wonten pikantoekipoen. Kadjawi tjalon bati anjoemerepi sapinten tjatjahipoen djiwa Indonesia dalah kawontenanipoen, wekdal sapoenika kémawon sampoen bati saged njoemerepi kawontenan ingkang pantes kita kepèki. Pantes kita tjateti wonten ing tjatetan prakawis-prakawis ingkang kedah katindakaken. Pantes kita dèkèkaken wonten werkprogram kita.

Djer, Volkstelling ingkang nembé kalampah poenika, anedahaken kawontenan² ingkang boten pantes dados kantining kamadjengan. Wonten kawontenan - kawontenan ingkang n g i s i n - i s i n i.

Mangga, pandjenengan panggalih!

Manoet tjarijosipoen *De Malanger*, gandèng kalijan dinten momenttelling kala malem Rebo Wagé 7/8 Oktober, ing doesoen *Karangsari* (Malang Kidoel) wonten pawartos ingkang adamel mirising tijang. Gotèking ngakatah, ing dinten waoe, badé wonten b o e t a dawah toemoeroen saking nglangit sarta badé anjaploki tetijang ing doesoen ngrikoe.

Sanadjan administratoer ing satjelakipoen ngrikoe, loemantar mandormandoripoen, poenapa déné golongan prijantoen pangrèh pradja anggenah-genahaken doranipoen kabar ngaja wara waoe, éwadéné inggih meksa wonten kadadosan ingkang kirang prajogi.

Malah soemebaring pawartos, ing grijanipoen petinggi (loerah) doesoen Karangsari wonten gambaripoen boeta waoe. Woedjoedipoen: gambar Wlandi, oentoenipoen anggegilani. Tanganipoen awoedjoed: tjakar pandjang-pandjang, anjengkerem potlot.

Margi soemebaring pawartos njedihaken waoe, ladjeng anoewoehaken lalampahan „memelas”. Kadosta: ing doesoen *Sempol* (Malang Kidoel), wonten tijang ngendat, inggih margi adjrih dipoentjaplok boeta.

Satoenggiling *mantri goeroe*, ing *Pagelaran* (Malang Kidoel) ingkang wonten ngrikoe sakalangkoeng sinoeba-soeba, gandèng kalijan timboeling lalampahan ing dinten „Rebo Wagé” waoe, ladjeng anjarijosi tijang - tijang soepados toemoenten angagengna d i k i r a n kémawon.

Ing doesoen *Bandoengredja* toewin *Baléwarti*, wonten tijang sawatawis anjadèni radja kaja toewin grijanipoen. Preloenipoen soepados samangsa kadatengan boeta saèstoe, boten angreribedi . . . . .

Malih! Serat kabar *Bahagia*, tanggal 11 Oktober poenika, tampi pawartos saking pambantoenipoen ing Brebes, makaten:

Seorang pendoedoek di dessa Djogolempeni, onderdistrict Wonosari (Brebes) bernama S o e r i o, telah mengandjoeri pada pendoedoek Indonesier di onderdistrict Djatibarang bahwa barang siapa jang soedah dihitoeng oleh Volkstelling tentoe akan mati. Akan tetapi orang dapat menjingkiri itoe „mati” apa bila mereka soeka menoeroet nasehatnja Soerio jang dengan segala senang hati akan mengantar mereka pergi ke p e r i g i s o e t j i di Doekoehtoeri, district Adiwerno dimana mereka haroes mandi dan ditoenggoei oleh Soerio.

Tiap-tiap orang jang dihantar ke perigi itoe haroes membajar pada Soerio paling sadikit f 0,50.

Menoeroet dari katanja sendiri malah telah ada orang jang karena dari terima kasihnja telah memberi wang f 50.— kepadanja.

Perkara ini sekarang telah terdengar oleh ass. wedono di Djatibarang dan di selidiki.

—o—

Kadjawi makaten, taksih katah pawartos-pawartos lalawora, gandèng kalijan wontenipoen Volkstelling.

* * *

Sadèrèk! Tjonto-tjonto ing nginggil, soeka piwoelang ageng dateng kita. Dateng sinten kémawon ingkang sedya ngadjengaken bangsanipoen.

Wonten ing *Swara Tama* tanggal 3 lan 10 Oktober, koela sampoen angatoeraken s a s a k i t Indonesia kalih warni i.p. sasakit n g e b r è h, r o j a l - r o j a l a n, toewin n g é m a h - é m a h a k e n l a r é t a k s i h k e n è m e n.

Djangkepipoen kaping tiga, — gegandéngan kalijan Volkstelling nembé poenika — koela ngatoeraken sasakit g o e g o n t o e h o n; n g a n d e l a n!

Sampoen tétéla, doemoegi titimangsa poenika, bangsa kita k a t a h s a n g e t ingkang goegon toehonipoen taksih kandel.

Ingkang makaten waoe, tetep ngoetjiwani toemrap adjengipoen Indonesia!

Koela boten maiben bilih bangsa kita inggih sampoen katah ingkang dados sardjana poetoes sawarnining kawroeh. Katah ingkang sampoen saged nawoeng kridaning djaman. Katah ingkang sampoen aseseboetan m è s t e r, d o k t o r, p r o p è s o r. Katah ingkang sampoen d j e m p o l!

Namoeng ènget, ingkang nama Indonesiërs poenika boten namoeng kaoem d j e m p o l a n kémawon. Malah sapérangan ageng, kaoem t a n i, kaoem n d o e s o e n!

Manawi Indonesia ingkang madjeng namoeng sapérangan, sanèsipoen taksih k a l i m p o e t, poenika koetjiwa! Menggaha tradjoe taksih bot-sih. Menggaha tijang mladjeng, kesrimpoeng!

Manoet tjarijosipoen *De Malanger* kaseboet nginggil, katjarijosaken wonten *mantri goeroe* ingkang katoet kedajan „boeta”.

Manawi kabar poenika temen, anggoemoenaken! Mantri goeroe; djoeroe anggoela-wentah!

Koela ladjeng kèngetan djaman kjahi Pentèt, kjahi Bedor. Kala semanten kawartos inggih katah para winasis Indonesiër, neda sabdanipoen kjahi kakalih poenika. Malah kala semanten, s. k. *Mataram* ladjeng angétjé-étjé: „. . . kaja ngono kok andjaloek mardika!”

Temen-botenipoen pawartos *mantri goeroe* waoe, koela borongaken. Nanging, . . . . . k a w o n t e n a n ingkang taksih soemrambah, amedjang koela, bilih: ing windoe poenika taksih katah para t e r p e l a d j a r nganggé ngèlmoe „goegontoehon”. Taksih katah sanget ingkang e m o h d o k t e r, ngarepi B e d o r, P e n t è t. Malah inggih wonten p a n o e n t o e n pergerakan, ingkang angendel-endelaken p e t è k i n g n o e d j o e m.

Manawi ingkang noentoen, ingkang terpeladjar, taksih makaten, iba ingkang dipoentoentoen: kaoem ndoesoen, kaoem tani, kaoem krama, kaoem bodo.

Sanadjan kawontenan „boeto idjo” lss. waoe, b o t e n n g i t j a l a k e n w e w e n a n g k i t a n e d a k a m a r d i k a n i n g Indonesia, éwadéné inggih tetep kawontenan ingkang boten patoet; ngisin - isini!

Nitik djoemedoeling aksi k a m a d j e n g a n, aksi k a m a r d i k a n, ing talatah Indonesia, mila sampoen kala mangsanipoen, para pangandjoer, para goeroe lss. sami toemandang sarosanipoen ndokteri sasakit waoe. Langkoeng anderpati tinimbang waoe-waoenipoen!

Mangga, sinten ingkang t i n a r b o e k a, ladjeng anjepenga wadoeng, petèl, kanggé ambabadi „wana goegon-toehon” ing Indonesia!

Kumuningsaselé, 12 Okt. '30.

Taklim: *Patjar Mérah.*

### CORRESPONDENTIE:

*Saking Red.* Kita sampoen tampi karangan-karangan saking: C. C. Solo; Tjobolo Bagelèn; Moedatanja; H. Tjitra. Abn. 759; Bremana; Abn. 656; Blambangan; Abn. 760; Singgih; A. S. H.; nanging saking katahing poen kopi dèrèng saged matjak.

*Saking Adm.* Abn. 77; 199: kanggé taoen '30 sampoen sah babar pisan.

*K. W. Salatiga:* Abn. 582 kanggé taoen '30 mila taksih kirang f $1{,}12^5$. Abn. poenika nomeripoen: 475.

*Abn. 474:* Inggih sampoen. Nanging poenika waoe lantaran K. W. Salatiga kita namoeng tampi f 1,50 kanggé woelan Juli. Aug. lan Sept. '30.

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
**moerah**

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja**
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
**dapat POTONGAN.**



SOEMANGGA
SAMI NGABARNA
ING
**SWARA-TAMA!**



**Boeat toean poenja**

# Recept

ERCEE

APOTHEKEN
**Rathkamp & Co**
MALIOBORO 15. DJOKJAKARTA.



TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!



**Toko DJOEN & Co., Djocja.**
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**



AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.
PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.
Njenjadang Welingan.

**Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:**
**„WIRJOSOESENO"**
**Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.**



ARTISTICO CALCARIUM.

Waterverf nomer satoenggal tanpa ganda, woedjoed boeboekan, jèn badé nganggé mawi dipoentjampoeri toja limrah oetawi bentèr, kanggé ngetjèt pjan, témbok lsp. Saged toembas warni 40 dalasan warni salaka lan mas. Jèn warni waoe katjampoer-tjampoer, tjatjahing warni saged tanpa wates.

**Satoenggal boengkoes à 1 Kilo, . . . . . . f 0,90.**
(mawi rékanipoen nganggé)
**Calcarium salaka saben 1 H.G. f 0,50, saben 1 Kilo „ 4,25.**
**Calcarium mas „ 1 „ „ 0,55, „ 1 „ „ 4,75.**
**Sikat Calcarium lan Sablone.**
**Sikat Inggris, petak, gèpèng.**

VERFFABRIEK R.B. FRIELING
GONDHOMANAN 80 DJOKJA TELEFOON NO. 784


## DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ambarawa | 6.-7.30. | Lamah | 5.30-6-8. | Pekalongan 8) | 6.30-8. | Kepandjèn | 6-7-9. |
| Amboina | 7.30. | Lawang 5) | 7. | Pemangkat | 8.30. | Anita Boul. | 6-7.30-9. |
| Bagan Siapi-api | 7.30. | Madioen | 6-7.30. | Poerwokerto | 7.30. | Soerakarta | 6-7-8.30. |
| Bandoeng | 6-7.30-9. | Magelang | 7 9. | Poerworedjo | 7-8.30. | Tandjoeng Balai | 7.30. |
| Benkoelen | 7.30-9. | Makassar | 6-7.30. | Pontianak | 7-8.30. | Tandjoeng Karang | 8. |
| Blitar | 7.30. | Malang | 6-7.15-8.30. | Probolinggo | 7.30. | Tandjoeng Sakti | 7.30. |
| Buitenzorg | 6-8. | Manado | 6-7.30. | Salatiga | 7.30. | Tara-Tara | 7.30. |
| Cheribon | 7.30. | Medan | 6.30-8-8.30 (tjina). | Sambas | 6-8.30. | Tegal | 6.30-8. |
| Djember | 7.30. | | 9.30 (mal.). | Sambong | 8. | Tering | 7. |
| Djokja: | | Medari 6) | 7.30. | Sawah Loento | 7-8.30. | Tjilatjap 8) | 7.30. |
| Kampementstraat Eur. | 7-9. | Meester Corn. | 7-9. | Sedajoe | 7. | Tjimahi | 6-8. |
| " Jav. | 6-8. | Mendoet | 6-7.30. | Sedjiram | 5.45-8.30. | Tomohon | 7-8-9. |
| Kota Baroe | 6-7.30. | Modjokerto | 6-8. | Semarang: | | Wates 7) | 7. |
| Djombang 1) | 7.30. | Moentilan | 5-6-8. | Gedangan | 6-8. | Weltevreden: | |
| Fort de Kock | 7.30. | Muntok | 8. | Bangkong | 6.30-830. | Waterlooplein | 5.45-7-9. |
| Gandjoeran 2) | 7. | Ngawi 7) | 7.30. | Tjandi | 7.30. | Kramat | 6-8-9 (mal.). |
| Gombong 3) | 7.30. | Padang | 7-8.15-9 (tjina). | Randoesari | 7-9. | Wonosobo 8) | 7.30. |
| Keboemèn 4) | 7.30. | Padang Pandjang | 7.30. | Singkawang | 6.30-9. | Woloan | 8.30. |
| Kediri | 7.30. | Pajakoembo | 7.30. | Soekaboemi | 6-7.30. | | |
| Klatèn | 7.30. | Palembang | 7-9. | Heuvel | 5.30. | | |
| Koeta Radja | 6.30-8. | Pasoeroean 1) | 7.30. | Soerabaja: | | | |

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

ders poenika djempol ing laladan anjebaraken kawroeh élèktris dalah sapraktikipoen dateng laré-laré.

Wonten Indonesia, toewan waoe badé damel sosorah-sosorah.

Kadjawi poenika badé mitontonaken film (schoolfilm) anggelaraken kados-poendi anggènipoen nglebetaken kawroeh poenika dateng laré-laré.

Pakempalan-pakempalan babagan élèktris badé ambijantoe. Djagad goeroe inggih ébah.

### Kabar goroh.

*Katrangan saking H. Tjakraaminata.*

Nembé poenika Sw. T. metik pakabaran prakawis anggènipoen sad. H. Tjakraaminata badé dipoensikara sakabatipoen pijambak, golongan P.S.I.I. Nanging sariranipoen, ladjeng damel katrangan wonten *Bintang Timoer* andorakaken pawartos-pawartos waoe.

Leres kala Slasa 16 Oktober, wiwit, djam 5—6 sonten sariranipoen noentoen cursus Tarich Islam ing kantor P. S. I. I. afd. Tjitjoeroeg ing kampoeng Sadamoekti. Nanging koersoes poenika (ingkang dateng 400, lan toetoepan), wiloedjeng boten wonten poenapa-poenapa; boten wonten tijang sanès angganggoedamel oet: badé angganggoe-damel.

Bakda koersoes, sembahjang mahrib, . . . inggih boten wonten poenapa-poenapa. Bakda sembahjang H. Tjakra késah pijambak saking kantor P.S.I. moeroegi montoripoen, kinten-kinten lampahan sadasa menit. Lampahipoen sad. Tjakra nradjang grombolan tijang atoesan wonten sangadjenging grija, tjalon kanggé ngadjangi parepatan oemoem. Panoentoening pakempalan poenika adat sabenipoen ngedalaken tetemboengan ngina dateng P.S.I.I. dalah panoentoen-panoentoenipoen. Tetijang inggih katah ingkang mangertos bilih ingkang langkoeng poenika sad. Tjakra. Éwadéné boten wonten tijang ngedalaken temboeng angasoraken P.S.I.I.; boten wonten tijang satoenggal-satoenggala ingkang nggepok badanipoen agengipoen ngantos nangani.

Sareng montoripoen sampoen loemampah kinten 10 K.M., sad. Tjakra mangertos bilih kasasar, awit leresipoen kedah ngambah mergi ingkang dateng kampoeng Kompa, djeboel klèntoe ngambah margi dateng kampoeng Pedjabon.

Sad, Tjakra wangsoel, . . pinanggih golongan P.S.I.I. pinten-pinten dasa, ingkang mila metoek. Margi kepanggih sad. Tjakra, saking senengipoen tetijang sami soerak ramé. Bokmanawi inggih kala semanten poenika ingkang kawartosaken wonten sagolongan P.S.I.I. katah badé ngrojok sariranipoen. Lampahipoen wiloedjeng doemoegi kampoeng Kompa, ladjeng angadani cursus vergadering wonten masdjidipoen satoenggiling kjahi ingkang sanadjan dédé warga P.S.I.I. nanging ambijantoe P.S.I.I. Margi pambijantoenipoen waoe, kjahi poenika sampoen sawatawis woelan dipoenbaékot kantja-kantjanipoen kjahi golongan kolot. Ing salebeting vergadering wiloedjeng boten poenapa-poenapa sanadjan satjelakipoen ngrikoe wonten tijang sadasanan sami singidan, bokmanawi poenika golonganipoen péhak édan-édanan. Malah bibar begadring wonten sandal 2 pasang itjal.

Daloenipoen malem Rebo 16/17 Sept.. sad. Tjakra sipeng ing grijanipoen kjahi ingkang dipoenbaékot waoe. Daloenipoen, grijanipoen pak kjahi — kadawahan séla kalih agengageng, ngantos ametjahaken gendèng gangsal oet. nenem. Kala semanten wonten warga P.S.I. 12 sami medal madosi tijangipoen ingkang ngoentjali séla, nanging boten pinanggih.

Éndjingipoen H. Tjakra neroesaken lampahipoen dateng Klapanoenggal perloe noentoen cursus-vergadering, sarta dipoensengadja medal papan ingkang dados poeseripoen golongan oegal-oegalan waoe. nanging inggih boten wonten poenapa-poenapa.

Makaten katrangan saking H.S. Tjakraaminata. Baja poendi ingkang kénging dipoengega, pawartosipoen A. I. D. poenapa katranganipoen sad. Tjakra poenika?? *(Red.)*

### Mahamaken kolonisatie.

A. I. D. njarijosaken, tanggal 11 October poenika warga Raad Kawoela R. A. A. Koesoema Oetaya dateng Médan perloe mahamaken kolonisatie.

Wonten Médan badé damel paparepatan miroenggan kalijan B. O. afd. Médan angrembag pranatan énggal ing dalem kolonisatie-ordonantie.

### Kobongan ageng

—Kala 7 Oktober sijang ing doesoen Kalidjaga bawah Lombok Wétan wonten kobongan ageng. Grija ingkang dados awoe 150 woewoeng. Kadjawi poenika katah loemboeng-loemboeng isi pantoen dados tedanipoen latoe. Ingkang dados djalaranipoen bokmanawi kémawon latoe pawon.

—Kala tanggal 6, ing Sembilang, Bandjarmasin, inggih wonten kobongan ageng, kapitoenènipoen ± f 15.000.

## MANTJA NEGARI.

**BRAZILIË.** *Wonten kraman.*

Manoet tilgram tanggal 6 Oktober, ing sakoekoeban *Rio Grande de Sul* sami brontak nglawan paréntah. Nagari ngintoenaken kapal-kapal perang mangidoel: sadaja dienst oedara saking lan dateng Brazilië dipoentoetoep.

Kraman waoe, manoet tilgram tanggal 7 mrèntèk-mrèntèk anoelari ing poendi-poendi. Sampoen katah papan-papan ingkang dipoenkoewasani golongan kraman, i. p. pradja-pradja Ceara lèr, Rio Grande del Norte, Piauhy lan Parahyba, Pernambuco, Rio Grande do Sul kidoel, toewin Parana sapérangan.

Kawartos brontakan poenika mligi panantang dateng dr. Washington Luis Pereira de Souza ingkang sapoenika, lan dr. Julio Presters de Albuque president ingkang mentas kapilih.

Golongan mengsahipoen president poenika amastani kapilihipoen waoe mawi tjara ngapoesi.

Tilgram tanggal 9 njarijosaken: nagari angebomi Bellohorizone toewin Minas Getaes, nanging montor maboer negari ingkang andawahaken bom waoe ladjeng wonten sadasa mladjeng dateng kalanganing mengsah, toemoet dados wadyabala kraman.

Ing Rio de Janeiro wonten lalampahan ingkang sisip sembiripoen noewoehaken kadadosan boten prajogi, djer wonten toko-toko sawatawis gadahanipoen Amérika kadjarah rajah.

Paréntah kadjawi wadyabala, ladjeng adamel mobilisatie. Leresipoen sarana mobilisatie saged angijataken bala 460.000 tijang, nanging tetijang sampoen katah ingkang ambjoek dateng kraman. Malah manoet tilgram tanggal 12 Paréntah ngoendangaken kawoela doemoegi oemoer 40 taoen kedah toemoet perang, nanging tetijang semoe-semoenipoen boten manoet.

Kawartos oegi wonten sepoer isi wadyabala nagari 1.000 doemoegi saantawisipoen Sao Paulo kalijan Santos angglimpang, dawah ing djoerang.

Talatah Brazilië Lèr sampoen dawah wonten tanganipoen golongan kraman.

Palaboehan-palaboehan Brazilië sampoen katah sanget ingkang dipoenoendangaken boten kénging kambah sadaja baita dagang toewin lajaran.

Kraman poenika petèkipoen para saged tjalon dangoe.

**SEPANJOL.** *Pogokan angambra-ambra.*

Negari badé amboetjal journalist kakalih bangsa Inggris toewin Amerika ingkang kaanggep anjebar kabar-kabar goroh. Kadjawi poenika katetepaken bilih staking katrotjoban-politiek dados awisaning nagari. Éwadéné pogokan inggih saja ngambra-ambra. Para poenggawa sepoer ing Malaga sami anggolong kalijan golongan pogokan. Ing Vittoria oegi wonten pogokan; malah ing Vittoria poenika wonten panoentoen pogokan sadasa dipoentjepeng poelisi. Sevilla lan Granada inggih badé katoelaran. Ing Vittoria golongan staking tjampoeh kalijan poelisi, andadosaken pedjahipoen tijang tiga. Ing Barcelona oegi wonten panoentoen katah dipoentahan.